



**SOMERVILLE PUBLIC SCHOOLS
SPECIAL EDUCATION DEPARTMENT
8 Bonair Street
Somerville, MA 02145**

Telephone (617) 625-6600 x6800

Fax: (617) 591-7901

Christine Trevisone, Direktè Edikasyon Espesyal, Swen Enfimye ak Sèvis Sante
Marisa MacDonald, Direktè Adjwen Edikasyon Espesyal, Enstriksyon ak Programasyon
Will Verbits, Direktè Adjwen Edikasyon Espesyal, Sèvis ak Sipò

ctrevisone@k12.somerville.ma.us
mmacdonald2@k12.somerville.ma.us
wverbits@k12.somerville.ma.us

ATANSYON

Avi sou Chache Timoun

Somerville Public Schools gen responsabilite idantifye nenpòt timoun ki ka gen yon andikap kap viv nan Somerville osinon ki frekante yon lekòl prive nan frontyè jeografik Somerville menm si timoun nan pa abite Somerville. Sa konsènen tou tout elèv paran yo fè lekòl pou yo lakay yo.

Se responsabilite Somerville Public Schools tou pou l evalye tout elèv sa yo pou l ka detèmine si yo bezwen resevwa edikasyon espesyal oswa sèvis edikasyon espesyal yo dapre lwa federal ki rele IDEA ann anglè (IDEA vle di Lwa Edikasyon pou Moun Andikape Yo) oswa Lwa Leta Massachusetts sa: 603 CMR 28 (Regilasyon Edikasyon Espesyal nan Massachusetts).

Somerville Public Schools pran angajman idantifye tout timoun anvan yo gen 3 zan pou l ka ba yo sèvis espesyal timoun andikape ki gen 3 ak 4 lane bezwen. Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan devlopman pitit ou a e ou ta renmen yo egzamine l, tanpri rele **Will Verbits, Direktè Adjwen Edikasyon Espesyal pou Sèvis ak Sipò nan (617) 625-6600 ext. 6807** pou w pran yon randevou.

Si ou sispèk pitit ou a ka bezwen yon evalyasyon pou detèmine si li ranpli kondisyon pou li resevwa sèvis edikasyon espesyal yo, ou ka fè yon demand nan sans sa, san w pa peye senk kòb, atravè Biwo Edikasyon Espesyal Somerville Public Schools la. Tanpri kontakte nou nan adrès annapre a:

Will Verbits, Assistant Special Education Director for Services & Support
Somerville Public Schools, Attn: Special Education Department
8 Bonair Street, Somerville, MA 02145
(617) 625-6600 ext. 6800
Email: wverbits@k12.somerville.ma.us